Bundesamt für
Fremdenwesen
und Asyl

# Хаамаш цхьаьна (цхьаьнца) талларх дерг

## «Хьашташ кхочушдаран хаамийн къеп»

## Хаамаш ларбаран юкъарчу регламентан 13, 14 (кхойтталг1ачуй, ейтталг1ачуй) статьяшна т1едоьг1на (DSGVO)

**Жоьпаллин операторан ц1е а, цуьнца з1енаш а:**

Bundesamt für Fremdenwesen und Asyl (мехкабоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а г1уллакхийн Федеральни ведомство)
Modecenterstraße 22, 1030 Wien
Телефон: +43- 59 133 98 7004
Факс: +43- 59 133 98 7399
E-Mail: BFA-Einlaufstelle@bmi.gv.at

**Х1ораннан долара хаамаш ларбаран векалца з1енаш:**

Телефон: +43- 59 133 98 - 0
E-Mail: BFA-Datenschutzbeauftragter@bmi.gv.at

**Долара хаамаш талларан 1алашонаш:**

Рицкъ кхачо дезаш волчу х1ораннан долара хаамаш цхьаьна толлуш д1ахьуш бу миграцин а, бевдда баьхкинчеран а г1уллакхийн Федеральни ведомствоно, хьашташка хьажаран меттигашкахь, догг1учу Федеральни латташкахь, шайна т1ехь долчу мехкабоцчарна хьал латтор «Хьаллатторан коьртачу бертан» шолг1ачу (2) статьян хьалхарчу (1) декъана т1едоьг1на а, чоьхьарчу г1уллакхийн Федеральни министран т1едилларца а.

**Таллам баран бакъонан баххаш:**

Коьртачу декъана хьаллатторах долчу 2005-чу шеран Федеральни законан §8 (GVG-B 2005), Хьаллатторан коьртачу бертаца цхьаьна, Федеральни Конституцин законан 15а статьяна т1едоьг1на (B-VG)

**Долара хаамаш 1алашбаран хенаш:**

Хьаллаттор сацийначул т1аьхьа ши шо даьлча д1абаьхна хила безаш бу хаамаш, нагахь санна и хан чекхъяларца уьш оьшуш бацахь к1елхьараваккхарна я чот ян, Коьртачу хьаллатторан бертан 11-чу статьяна т1едоьг1на.

**Долара хаамаш шайга кхочуш берш:**

г1оьналлин а, килсан г1уллакхан а, долара а учрежденеш, пачхьалкхан я догг1учу федеральни латтанийн бакъонан векалш йолу; к1еззиг долу хьашташ кхочушдан г1олоцуш йолу инстанцеш; Белхан/къинхьегамаллин биржа (AMS); зенна юкъара органш; ясакх яккхаран учрежденеш; могушаллин органаш йолу к1оштийн урхаллин органаш; пачхьалкхаллин кхерамзаллин органаш; кхиъна бовлазчеран доладаран органаш; Австрин д1анисваларехь г1одаран фонд; Австрехь болчу бевддабаьхкинчеран г1уллакхийн Цхьаьнакхеттачу Къаьмнийн Вовшахкхетаран Лакхарчу комиссаран урхалла; кхечумехкийн органаш, мехкабоцчеран г1уллакхашна

лерина йолу; х1усам латторан предприятеш, коьрта хьаллатторан организацешна болх беш йолу; хьаштболчу мехкабоцчеран вахар-варан г1уллакхаш шайна т1ехь долу предприятеш (бакъонийн я кхечу бехкамашца махках баха хьаштбоцчу, х1усам яла бакъо йолчу мехкабоцчарна г1одеш йолу); Доларчу куцх1отторан лоьмарийн Регистан хаамаш ларбен орган, цуьнан бакъо йолччу барамехь, бахархошна а, организацешна а з1енехула пачхьалкхан хьашташ латторан Федеральни законна т1едоьг1на; Австрин дагардаран (статистика яран) Федеральни ведомство

Долара хаамаш талларан оператор, хаамаш ларбаран Юкъарчу Регламентан 4 статьян 8 пунктана (декъана) т1едоьг1на (DSGVO), Хаамаш ларбаран Закон § 36 2-чу разделан 9 пункт):
Чоьхьарчу г1уллакхийн Федеральни министр, IBM Österreich - Internationale Büromaschinen Gesellschaft m.b.H.; Microsoft Österreich GmbH; Bundesrechenzentrum GmbH; Atos IT Solutions and Services GmbH

**Шена дуьхьала г1уллакх доьдучуьнан бакъонаш:**

Латкъам бан бакъо ю Долара хаамаш ларбаран бакъонашна т1ехь векал йолчу Австрин органехь (1030 Wien, Barichgasse 40-42, телефон: +43 1 52 152-0, E-Mail: dsb@dsb.gv.at) т1едоьг1на § 24 1 разделан Хаамаш ларбаран Закон.

Доларчу хаамехь долу хьал довза бакъо луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 15-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Доларчу хаамех долу хьал хийца (хийцамаш бан) бакъо луш луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 16-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Долара хаамаш д1абаха бакъо луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 17-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Дуьхьало д1ахьеян бакъо луш яц Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 21-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO), иштта бакъо луш яц долара хаамаш талла дуьхьало ян Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 18-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO) (§ 8 4 раздел Коьртачу декъана хьаллатторах долчу Федеральни законан (GVG-B) 2005 шарера).